

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **A. Kacindekan**

Dumasar analisis déskripsi data dina bab IV, bisa dicindekeun yén kualitas soal tés sumatif pangajaran basa Sunda di MTs Sirnamiskin taun ajaran 2012/2013 téh hasilna nya éta: *Kahiji*, Validitas eusi soal nu dianalisis pikeun wangun pilihan ganda nya éta dumasar kana rumusan indikator, patalina soal jeung indikator, kasaluyuan matéri jeung buku ajar, basa nu komunikatif, hubungan stém jeung *optionna*, sarta homogénitas alternatif jawaban, sedengkeun pikeun soal wangun ésay nya éta dumasar kana rumusan indikator, patalina soal jeung indikator, kasaluyuan matéri jeung buku ajar, jeung basa nu komunikatif. Sabada dianalisis, soal tés sumatif kelas VII seméster ganjil validitas eusina geus valid. Hal éta katitén tina hasil analisis soal wangun pilihan ganda nu geus valid aya 90% tina 40 soal, sedengkeun wangun ésay jumlah soal nu geus valid aya 100%. Soal tés sumatif kelas VIII miboga validitas eusi nu valid ku sabab jumlah soal nu valid dina wangun pilihan ganda aya 70% dirojong ku soal wangun ésay nu jumlah validitas eusina 80%. Béda jeung soal tés sumatif kelas VII jeung VIII, validitas eusi soal tés sumatif kelas IX validitas eusina cukup lantaran jumlah soal anu validna nya éta 62,5%, sedengkeun soal wangun ésayna miboga validitas eusi 80%. Ku kituna soal tés sumatif basa Sunda di MTs Sirnamiskin taun ajaran 2012/2013 tingkat validitas eusina cukup, sanajan masih aya kénéh soal nu kudu dirévisi jeung diganti.

*Kadua*, tingkat réliabilitas soal tés sumatif basa Sunda kelas VII wangun pilihan ganda nya éta “luhur” atawa “réliabel”, sedengkeun soal wangun ésayna miboga tingkat réliabel nu “handap pisan” atawa henteu réliabel. Soal tés sumatif basa Sunda kelas VIII wangun pilihan ganda, tingkat réliabilitasna “luhur” atawa réliabel, sedengkeun soal wangun ésayna miboga tingkat réliabilitas nu “cukup”. Pikeun kelas IX wangun pilihan ganda tingkat reliabilitasna “luhur”, sedengkeun soal wangun ésayna miboga tingkat réliabilitasna nu “cukup”. Ku kituna, kualitas

soal tés sumatif basa Sunda di MTs Sirnamiskin taun ajaran 2012/2013 ditilik tina tingkat réliabilitasna nya éta “cukup réliabel”.

*Katilu*, tingkat hésé babarina soal tés sumatif basa Sunda dumasar kana analisis dina BAB IV nya éta “cukup alus”, hartina proporsi soal hésé jeung babarina kurang rata atawa kurang nyumponan kana batas normal (rata). Éta hal katitén tina soal kelas VII wangun pilihan ganda anu tingkat hésé babarina “cukup” sarta soal wangun éséy anu tingkatna “alus”. Tingkat hésé babari wangun soal pilihan ganda jeung wangun soal éséyna kelas VIII nya éta “cukup”. Kitu ogé soal kelas IX wangun pilihan ganda jeung éséy nu miboga tingkat hésé babari nu “cukup”

*Kaopat*, tingkat daya pangbéda soal mangrupa analisis kualitas soal ditilik tina bisa henteuna soal ngabédakeun siswa kelompok luhur jeung siswa kelompok handap. Soal tés sumatif basa Sunda kelas VII wangun pilihan ganda tingkat daya pangbédana cukup lantaran soal nu bisa ngabédakeun siswa kelompok luhur jeung handap ngan aya 35%, sedengkeun soal éséyna aya 40% nu hartina tingkat daya pangbédana cukup. Jumlah peréntase tingkat daya pangbéda soal kelas VIII wangun pilihan ganda nya éta 35% nu hartina tingkat daya pangbédana “cukup”, sedengkeun soal éséyna miboga tingkat daya pangbéda soal sajumlah 40% nu hartina miboga tingkat daya pangbéda nu cukup ogé. Kitu ogé soal UAS kelas IX nu hasilna ampir sarua nya éta pikeun soal pilihan ganda sajumlah 37,5% jeung soal éséy sajumlah 40%. Bisa dicindekkeun yén tingkat daya pangbéda soal tés sumatif pangajaran basa Sunda di MTs Sirnamiskin taun ajaran 2012/2013 “cukup”.

Ku kituna, dumasar kana hasil analisis ngeunaan kualitas soal tés sumatif di MTs Sirnamiskin taun ajaran 2012/2013 bisa dicindekkeun yén kualitasna “cukup”.

## B. Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan kualitas soal tés sumatif pangajaran basa Sunda anu judulna “Kualitas Soal Tés Sumatif Pangajaran Basa Sunda di MTs Sirnamiskin Taun Ajaran 2012/2013”, aya sababaraha hal nu baris ditepikeun ka ku nu nyusun pikeun ngaronjatkeun kualitas soal, diantarana:

1. Pikeun panalungtikan saterusna, dipiharep ssalian ti nalungtik soal tingkat MTs tapi ogé tingkat MI jeung MA;
2. Dina nyieun soal UAS Basa Sunda, guru sarta hususna Kemenag minangka nu nyusun soal UAS kudu nyaluyukeun soal jeung indikator nu geus saluyu jeung SK KD sarta matéri nu luyu jeung ajar;
3. Guru dipiharep nganalisis butir soal sabada ngalaksanakeun hiji tés lantaran éta soal téh lamun kualitasna alus bisa dipaké deui pikeun ngalaksanakeun tés kahareupna. Soal anu miboga kualitas alus pastina bakal méré hasil anu alus ogé sarta akurat. Ku kituna guru ogé bisa mikanyaho kalawan bener kelompok siswa nu kamampuhna luhur jeung siswa nu kamampuhna handap.